PD-ABW-044

KOMITE PWOTEKSYON SIVIL LOKAL
KPSL

LAFON

Seksyon Kominal Ba-Kap-Wouj ak Montay-Lavout
Komin Jakmèl, Depatman Sidès

PLAN DAKSYON ANKA DEZAS

EPI PREVANSYON KI TA NESESÈ KONT DEZAS

Jen 2001

A

Nan non KPSL la men moun ki siyen dokiman Plan daksyon sa a :

NON AK SIYATI	*PARAF*
1. Alex Yeannis	[signature]
2. Joseph Emmanuel	[signature]
3. Louivier Miracle	[signature]
4. Antoine Bélince	[signature]
5. Jean Gerold Jeannis	[signature]
6. Malvoisin Annonce	[signature]
7. André Jeudy	[signature]
8. Mme Bijel Silvaice	[signature]
9. Lafortune Ernst	[signature]
10. Lombeau Yvrose	[signature]
11. Antoine Ramoucite	[signature]
12. Malvoisin Bélony	[signature]
13. Gérard Lundi	[signature]
14. Andrégèn Louis	[signature]
15.	

KOMITE PWOTEKSYON SIVIL LOKAL (KPSL) LAFON

PLAN DAKSYON

1. Entwodiksyon
2. Prezantasyon kominote a
3. Istwa dezas ki te pase anndan kominote a
4. Estrikti Komite Pwoteksyon Sivil Lokal (KPSL) nan Lafon
5. Wòl ak tach KPSL la: enpòtans pou tabli bon jan kòdinasyon
6. Pwosesis elaborasyon Plan Daksyon an
7. Analiz nivo risk ak vilnerablite yo anndan kominote a
8. Resous yo anndan kominote a
9. Rezime Plan Daksyon KPSL-Lafon a anka divès kalite dezas

Anèks

1. Entwodiksyon

Komite Pwoteksyon Sivil Lokal (KPSL) sila a vin tabli nan lokalite Lafon sou 2 Seksyon Kominal. Premye a, se 1ye Seksyon Kominal Ba-Kap-Wouj epi 2yèm nan, se 6yèm Seksyon Kominal Montay-Lavout, Komin Jakmèl, annapre yon pwogram fòmasyon yon ONG, CDRH, te vin fè anndan kominote a nan kad Pwogram Rekonstriksyon Enfrastrikti annapre Siklòn Jòj. Divès moun anndan kominote a te patisipe anndan pwogram sila tankou: reprezantan òganizasyon yo, notab yo, otorite lokal yo, KASEK, ASEK yo, reprezantan asosyasyon Fanm, reprezantan asosyasyon Jenès, reprezantan asosyasyon legliz katolik ak pwotestan yo. Nou ta renmen remèsye tout moun ki te patisipe nan divès reyinyon anpatikilye epi ki te bannou tout ankourajman yo.

Aprè tout moun sa yo te fin mete tèt yo ansanm, yo te deside travay pou prepare yon plan daksyon ki ta ede kominote a jwenn yon estrateji pou fè bonjan prevansyon kont divès kalite dezas ki ap menase kominote a epi prepare popilasyon an sizoka yon dezas ta vin frape li. Nou te konnen nou pa ta janm fè travay sa a pou kont nou, men ak pasyans plis volonte nou, travay sa a rive fèt.

KPSL-Lafon a ki vin tabli anndan kominote a pa ta ka rive fè tout travay ki te gen pou fèt yo si tout moun ki te sansibilize yo pat pran konsyans jis pou yo te vin mete men epi bay divès Soukomite ki te vin kanpe yo bonjan bourad. Se sou zèpòl tout volonte sila yo plan daksyon sila a vin ekri epi se sou zèpòl yo li chita.

Anpil monte-desann sou teren an ak anpil brase-lide te fèt anndan divès Soukomite yo pandan travay lan. Komite Kòdinasyon KPSL-Lafon a ranmase tout travay sila a epi nou te prepare yon seri pwopozisyon ki te diskite ak popilasyon an nan kat-kwen kominote a. Se konsa plan daksyon sila a ak tout estrateji prevansyon ki ekri ladann vin devlope gras a konkou popilasyon an.

Konsèy Minisipal la te rive adopte yon arete nan dat _____ 2001 ki te vin rekonèt KPSL-Lafon a epi travay ki te fèt lan, ki prezante nan dosye sila a.

2. Prezantasyon Lafon

Lafon se yon kominote ki chita kò li nan Nò vil Jakmèl, anviwon 7km konsa. Li chita sou 2 Seksyon Kominal : 1ye Seksyon Kominal Ba-Kap-Wouj ak 6yèm Seksyon Kominal Montay-Lavout. Li gen pou limit : nan Nò a Mabyal, nan Sid lan Silowe ki se yon banlye vil Jakmèl, nan Lès Zoranje, nan Lwès Monchil yon lòt banlye vil Jakmèl. Li genyen 8,000 moun konsa ki ap viv ladann. Gen plizyè ti lokalite tankou: Mòn-Oje, Ka-Oje, Estanda, Monben, Monfleri, Adonis, Bosa, Lafòtin, Nan Lakou, Bizoton, Ka-Koupe, Lasous, Platon, Sorèl, Vout, Kowonè, Kas, Meno, Madan-Pyè, Beri, Dal, Gas, Bwa-Lari, Bwa-Gas, Kolen, Tomabren, elatriye.

Moun ki rete nan Lafon viv prensipalman de agrikilti, elvaj, epi ti komès.

Agrikilti

Nan kominote Lafon, agrikilti a se li ki vrè resous peyzan yo sou tout pwen. Kilti yo fè se: bannann, gwo pwa, pistach, mayi, pwa kongo, pwa enkoni, manyòk dous ak anmè, pitimi, patat. Yo donnen nan mòn tankou nan plèn, men bannann yo bay nan plèn piplis.

Sou prezidan Vensan, Lafon te benefisye yon sistem irigasyon ki te mete li sou de pye li. Sa te pèmèt li tounen yon sant pwodiksyon ak esplwatasyon fig-bannann. Men depi pasaj Siklòn Azèl ki te kraze sistem sa a, Lafon te kòmanse pèdi kapasite li. Peyizan yo te konn òganize fè konbit pou pwodui sa yo te konn jwenn nan tè a. Se te sou kont pwodui sa yo peyizan yo te konn reyalize tout bezwen yo tankou: bati kay yo, voye pitit yo lekòl, mennen yo kay doktè lè yo malad, elatriye. Te genyen plis pyebwa. Sezon yo te plis regilye tou. Kounye a move tan tèlman pase twò dri, tout bwa kraze, vann bwa vin tounen yon resous ekonomik pou moun yo, kidonk agrikilti a ap bese de-jou-an-jou, vin gen plis mizè.

Edikasyon

Nan lane 1939, Lafon te genyen yon lekòl nasyonal ki tap sèvi tout lokalite li yo ak menm sa ki soukote li yo. Se jis nan lane 1984 Lafon vin genyen lòt lekòl nasyonal, Tomabren ak Kowonèl, epi Bosa an 1997. Koulye a gen plis pase yon dizèn lekòl prive primè. Pa gen lekòl segondè, men gen kèk sant preskolè prive. Pa gen sant alfabetizasyon pèmanan pou granmoun yo ak pou timoun ki defavorize yo. Pa gen sant teyatral ni sant espòtif nan Lafon.

Nan Lafon te gen yon sant ki te gen anpil aktivite se te INESKO ki te mete li e se konsa non sa a vin rete pou blòk sa a. Sant lan se ladann yo te konn òganize seminè sou agrikilti kote reprezantan tout Depatman an te konn reyini sou labanyè Ministè Agrikilti. Li te gen plizyè pati ladann : sant alfabetizasyon

« ONAAK », sant konti,, kou kizin, je volebòl, teyat, fabrikasyon brik, bèl pòt anseramik. Bagay sa yo te konn itil kominote a anpil epi li te yon lye debèjman tou. Te gen gwoup elektrojèn ki pou bay limyè. INESKO te konn resevwa tout seminaris nan peyi a sou tout pwen fòmasyon.

Sante

Lafon gen yon sèl dispansè plizoumwen ak kèk pòs vaksinasyon nan mòn yo, tankou : Ka-Koupe, Kalbache, Ka-Kolen, Ka-Meno, Kas, Kowonèl, Aregi, Kòk-Chant. Pòs vaksinasyon sa yo se ajan sante ki fè vaksen ladan yo. Pou dispansè a li gen yon enfimyè ki frekante li chak jou men ki pa ka desèvi popilasyon an.

Aprè tout mizè pou dlo potab nan lane _____, Lafon te vin genyen yon sistèm adiksyon dlo. Dlo sa a te kapte pa yon ONG ki te rele PROCHEP an 1985, aprè siklòn Gòdonn te pase, epi yo te amelyore li, aprè chòk li te sibi avèk Siklòn Jòj an 1998. PADF ansanm ak USAID plis Plan Parenaj fè yon reyabilite ladann.

Gras ak yon ONG an 1982, Tomabren vin gen yon sistèm tou. Li rive Bwa-Lari nan 1997 aprè yon reyabilitasyon ki fèt ladann apre Gòdonn pa Plan Parenaj. Nan 1992, gen yon sistèm dlo potab nan Kas ak Kowonèl ki acheve pa PROCHEP an 1997.

Malgre sa, dlo sa yo poko ka fin desèvi tout zòn ki nan kominote a.

Genyen yon mache piblik nan Lafon. Li fonksyone chak mèkredi ak samdi. Jou espesyal li se samdi. Li konn gen ladann anviwon 700 moun ki soti nan diferan ti lokalite. Li te fonde an 1985 pa DEVCOLAM. Se yon mache kominotè.

Relijyon

Genyen 2 legliz katolik nan Lafon, youn Ka-Meno epi yon lòt nan Bwa-Kas, yo fè lofis chak dimanch, e plizyè lòt ti legliz ki fonksyone anba tonèl, plis 8 lòt legliz pwotestan ak plizyè lòt ti kil tou ki fè sèvis lasemèn.

Yon ti istwa anplis

Lontan jèn fi ak jèn gason pat konn leve pati ale lòt kote, konsa paran yo te fyè pou yo leve pitit yo epi pou yo okipe yo paske yo te gen mwayen avèk jaden ak bèt yo ki te bay anpil. Men depi kèk tan, nou konstate se yon lòt fenomèn, menm jan tè a ap degrade a, se konsa jèn yo ap kite zòn nan swa pou ale kontinye lekòl yo oubyen pou yo al aprann yon metye, oubyen travay.

Gen anpil granmoun tou papa pitit kap pati ale Sen Domeng pou al chache lavi. Anpil fanm ap fè madan sara sitou nan Pòtoprens.

Rivyè Lagoslin, ki se sèl larivyè lokalite a, vin prezante 2 pwoblèm: li sèch souvan epi lè gwo lapli tonbe li inonde plenn nan, pote ale jaden ak bèt peyizan yo akoz debwazman ki fèt depi Mabyal.

3. Istwa dezas ki pase anndan kominote a

Nan travay analiz KPSL-Lafon a te fè, nou te rive gen konesans sou kèk dezas ki te pase anndan kominote a e kèk lòt tou ki te pase an prezans nou, nou te chita ansanm pou nou te prevwa kèk mezi prevansyon nou ta dwe fè touswit nan kominote a kont mòd menas sa yo.

Ane	Dezas	Zòn/Popilasyon	Zòn arisk	Mezi prevansyon ki ta dwe fèt
1980	Van	Lafon : 7.000	Lafon	Koupe pyebwa ki alantou kay yo
1988	Van	Lafon : 7,000	Lafon	Debranche pyebwa yo
1994	Inondasyon	Lafon: 8,000 moun	Lafon	Evakyasyon Pèmanan
1998	Inondasyon	Lafon: 8,000 moun	Lafon	Evakyasyon, konsèvasyon sòl, Koreksyon ravin drenaj
1998	Inondasyon	Lafon: 8,000 moun	Lafon	Fòmasyon popilasyon an sou teknik ranfòsman kay yo

4. Estrikti Komite Pwoteksyon Sivil Lokal (KPSL) nan Lafon

Aprè yon chita pale ak tout lidè nan kominote a, nou te pran yon desizyon mete kanpe yon Komite Pwoteksyon Sivil Lokal (KPSL) sou pye pwovizwaman nan Lafon.

Komite pwovizwa sa a te travay anpil pou li reyalize bagay sa yo tankou: koumanse sansibilize popilasyon an, reyini ak òganizasyon yo, gwo kou piti, piblik kou prive, mete kanpe yon Komite definitif pou prepare divès pwopozisyon règleman entèn ansanm ak yo, elatriye.

Te gen divès reyinyon ki te fèt ak Konsèy Minisipal la ak manm KASEK, ASEK, yo tou pou rive idantifye aklè rapò ki ta dwe ekziste ant KPSL-Lafon a ak otorite sila yo. Lè pi fò òganizasyon anndan kominote a te fin sansibilize, yo te òganize yon gwo rasanbleman, epi yo te vote yon estrikti pèmanan ak divès responsab KPSL-Lafon a.

4.1. Rapò ki ekziste ant KPSL la ak otorite lokal yo

Komite Pwoteksyon Sivil la genyen ladann reprezantan KASEK yo, ASEK yo plis òganizasyon prive, sèvis Leta, plis notab yo jis pou tabli aklè rapò ki ta dwe ekziste ant KPSL la ak yo.



Plan daksyon KPSL-Lafon a anka dezas fèt pou toujou diskite ak KASEK ak ASEK yo, epi ak Konsèy Minisipal la. KASEK ak ASEK yo ap mete Lameri a okouran e Lameri a ap mete Vis-Delegasyon an okouran tou sizoka yon dezas ta rive. Se Ministè Lenteryè, anpasan pa OPDÈS oswa Biwo Nasyonal Pwoteksyon Sivil yo ki ta fèt pou pran kontak ak Konsèy Minisipal la ak KASEK yo ansanm ak reprezantan Komite Kòdinasyon an pou wè kijan pou yo ta reponn a bezwen KPSL-Lafon a.

Tout Soukomite ki ekziste yo, anvan pou yo al fè yon travay kèlkonk, yo dwe resevwa manda pou sa nan men Komite Kòdinasyon an.

Si yon dezas ta vin frape kominote a, se Komite Kòdinasyon an ki pou sipèvize evalyasyon dega ki rive fèt yo. Nan lè sa a, y ap travay kole kole ak reskonsab Soukomite yo.

KPSL-Lafon a repoze sou 5 Soukomite : Edikasyon / Enfòmasyon / Rezo dalèt, Brigad sekou / Èd ijans, Idantifikasyon zòn arisk, Prevansyon ak ranfòsman enfrastrikti / Rekonstriksyon, Evalyasyon.

5.1. Estrikti ak tach prensipal Soukomite enfòmasyon ak rezo dalèt

Soukomite edikasyon / enfòmasyon ak rezo dalèt la gen 3 gwo tach prensipal ki se :

- Enfòme popilasyon an sou dezas ki ka frape kominote a ak danje ki menase li. A pati etid vilnerabiite ki te fèt, li ap edike moun ki rete nan zòn arisk yo sou mezi prevansyon yo ka adopte yon fason pou pwoteje vi yo ak byen yo, e li la pou divize mesaj sou lòd KPSL la.
- Si ta gen yon menas danje ki rive bridsoukou, Soukomite enfòmasyon an ap deside ki kalite enfòmasyon pou voye bay kominote a prese-prese. Enfòmasyon si la yo dwe jwenn apwobasyon reskonsab Soukomite enfòmasyon an epi yo dwe soumèt bay Komite Kòdinasyon KPSL-Lafon a. Prekosyon sa yo enpòtan, pou evite simaye konfizyon anndan popilasyon an.

Aktivite sansibilizasyon pou popilasyon an :

Enfòmasyon / Edikasyon ak rezo dalèt

- Repr. KASEK
- Repr. ASEK
- Repr. Inyon Bwa-Lari
- Repr. Inite Planifikasyon
- Repr. KODEL

- Youn nan lòt tach Soukomite enfòmasyon genyen ki enpòtan anpil se bay tout lòt Soukomite ki ta bezwen bourad, bonjan konkou nan prepare epi ekzekite yon pakèt lòt aktivite fòmasyon pou benevòl yo. Se youn nan rezon ki fè moun ki reskonsab Soukomite sila yo te vin chwazi sou baz konpetans ak esperyans yo nan zafè fòmasyon.

PREVIOUS PAGE BLANK pp. 8-9

5.2. Estrikti ak tach prensipal Soukomite brigad sekou ak èd ijans

Nan Soukomite sa a, se yon ansanm moun ki si tèlman enpòtan li oblije gen ladann prezans anpil konesans ak eksperyans nan zafè premye swen tankou doktè, enfimyè, oksilyè ak fanm-saj ki nan zòn nan. Moun sa yo ap toujou la pou ankadre sekouris ki fèk jwenn fòmasyon nan pwogram fòmasyon espesyalize ki te vin tabli pou sa sèlman. Divès benevòl te jwenn fòmasyon epi yo kontinye ap travay sou labanyè ankadrè yo.

Men kèk nan tach li yo :

- Rekrite tout je klere nan divès zòn kominote a pou mete kanpe brigad sekouris
- Òganize reyinyon pou benevòl sa yo ak manm KPSL-Lafon a pou sansibilize yo sou enpòtans wòl yo
- Òganize rankont ant benevòl ak reskonsab dispansè a pou evalye kapasite yo
- Òganize pwogram fòmasyon pou yo
- Idantifye resous ki nan kominote a, tankou medikaman, elatriye epi komanse rasanble yo pou fè rezèv yon kote ki ansekirite
- Fè egzèsis pratik pou brigad sekouris yo tanzantan
- Ekri pwòp plan daksyon li andetay pou brigad sekouris la idantifye ki moun ki responsab ki sa epi ki sa yo gen pou fè ak ki lè epi remèt li bay Komite Kòdinasyon KPSL-Lafon a.

5.3. Estrikti ak tach prensipal Soukomite idantifikasyon zòn arisk

Soukomite sila a genyen yon gwo tach pou l egzekite ki se :

Mache nan tout lokalite KPSL la rive touche yo pou wè ki zòn ki pi vilnerab, fè kat idantifikasyon zòn arisk ni kat mikro zòn yo, Soukomite sa dwe genyen reprezantan tout selil ki fè pati de KPSL la.

5.4. Estrikti ak tach prensipal Soukomite ranfòsman ak rekonstriksyon

Soukomite prevansyon / ranfòsman enfrastrikti ak rekonstriksyon fòme avèk reprezantan òganizasyon ak selil yo. Li la pou li ranfòse enfrastrikti nan zòn arisk yo, prevwa sa ki merite fèt si yon dezas ta rive epi gade si ta vin gen kay ki kraze oswa andomaje. se Soukomite sa a annakò avèk Komite Kòdinasyon an ki ap la pou li fè sa.

5.5. Estrikti ak tach prensipal Soukomite evayasyon

Se Komite Kòdinasyon KPSL-Lafon a ansanm avèk eli lokal yo epi kèt lòt notab nan zòn nan ki la pou fè evalyasyon kòmsadwa, evalye tout travay ki fèt ekzakteman nan Komite Kòdinasyon epi fè evalyasyon sitou Soukomite ki fè pati KPSL-Lafon a.

Evalyasyon dega

- 3 Repr. KPSL
- 1 Repr. KASEK
- 1 Repr. ASEK
- 1 Repr. Legliz

6. Pwosesis Elaborasyon an

Lè komite pwoteksyon sivil lokal pwovizwa a te vin tabli nan kad pwogram fòmasyon CDRH lan, li te reysi fè yon seri travay ki pou te edel òganize tèt li pi byen epi koumanse fè divès brase-lide ak etid sou teren an, yon jan pou derape pwosesis ekri yon Plan Daksyon pou prevansyon dezas epi pou kòdone repons sizoka yon dezas ta va frape kominote a.

6.1. Koumanse idantifye enfrastrikti an danje yo

Youn nan premye travay analiz ki te fèt se te idantifye kèk enfrastrikti ki ta pi plis andanje sizoka yon dezas ta rive, epi mezi prevansyon ki ta sipoze adopte dijans.

Ki zòn ak ki dega	Valè moun ki arisk	Ki danje	Mezi prevansyon
Kas I / II / III, Dal • Zòn Kas la ka inonde • Anpil jaden ka devaste • Dispansè a, lekòl nasyonal, plis legliz katolik, mache piblik • Sistèm dlo potab la • Wout Lafon/Jakmèl	Plizoumwens 130 kay ak 7 moun pa fanmi egal 210 moun konsa	• Tout enfrastrikti sa yo ki pre ravin yo kapab inonde oubyen kraze, menm moun sa yo ka pedi jaden ak bèt yo	• Deplase moun ki nan zòn ki vilnerab anpil yo • Prepare yon lokal pou akèy moun sa yo • Jwenn yon teren ak mwayen pou ede moun yo konstwi kay yo lòt kote • Mande fanmi yo pou mete bèt yo, zouti yo ak entran agrikòl yo ansekirite • Mete papye enpòtan ansekirite • Tabli yon pwogram sou plizyè lane pou pwoteje rekòt moun yo, elt. • Kote ki posib fouye kanal irigasyon pi fon • Chita tande ant rezo dalèt ak kominote epi fè ekzèsis pratik • Mande enjenyè oswa agwonòm fè etid sou sa pou nou
• Sistèm irigasyon ki nan Dal la • Ravin nan ka bouche oswa kraze li • Kay plizyè fanmi ki abite bò ravin inonde	16 lokalite apeprè 5.000 moun ki abite bò ravin	• gwo twou kapab fouye • gwo krevas ravin ka vin parèt • wout la menase koupe • anpil pye bwa ka tonbe • dlo ka bwote jaden ale • bèt ka pèdi • gen kay ki ka anfonse, kraze, moun ka mouri • dlo ka bwote timoun ak granmoun ale • lekòl kapab kraze • wout ka koupe • plis ewozyon sou mòn lan • plis lamizè nan seksyon an	• Konsèvasyon sòl: Misèk, gabyonaj • Rebwazman nan lokalite yo • Jwenn ankadreman agwonòm/ ONG • Fè chita tande ak kominote yo, fè ekzèsis pratik • Idantifye refij ki an sekirite pou ti moun, granmoun ak fanmi ki menase yo • Gabyonaj ak antretyen kanal drenaj bò wout la • Ranfòse koperativ ak kès epay yo • Ranfòse lekòl ak tout kay epi lòt enfrastrikti ki pa fin solid
Dal – Ka Kolen – Beri – Mme Pyè, nan plenn nan bò sistèm irigasyon an • anpil kay ka inonde ak kraze • anpil jaden ka devaste • anpil moun mouri	Plizoumwens 150 kay, 9 moun pa fanmi egal 1350 moun konsa	• kay ki pi pre ravin nan kapab inonde, kraze • moun sa yo ka pèdi jaden yo ak bèt yo	• Ranfòse fondasyon kay yo, pou fè yo pi solid • deplase moun ki vilnerab yo • Jwenn refij ki an sekirite pou yo • Mande fanmi yo pou mete zouti ak entran agrikòl yo an sekirite
Tèt basen vèsan anlè yo, Gran-Fon, Platon-Ramye, Kolen, Kalbache, Fò-Woje, Fò-Jak, elt. • ankonbre, kraze • Anpil pèt ekonomik pandan yon lane • Gwo inondasyon ka fèt	Anviwon 6 ti lokalite apeprè 150 moun ki abite sou wout ki monte nan tèt basen vèsan yo	• anpil eboulman kab fèt • anpil misèk ka kraze • gwo krevas ravin ka vin parèt • wout la koupe • anpil pye bwa ka tonbe • dlo ka bwote jaden ale • bèt ka pèdi • gen kay ki anfonse, kraze, moun ka mouri • dlo ka bwote granmoun ak ti moun yo ale • plis ewozyon sou mòn yo • plis lamizè nan seksyon an	• Konsèvasyon sòl: mi sèk, elt. • Jwenn ankadreman agwonòm (ONG) • Deplase moun ki nan zòn ki vilnerab anpil yo

Ki zòn ak ki dega	Valè moun ki arisk	Ki danje	Mezi prevansyon
Monben/Standa/Mòn Oje Plenn bòkote rivyè a • Anpil kay ka kraze • Jaden ka devaste • Anpil moun ak bèt mouri kapab mouri	Anviwon 300 kay ak 7 moun pa fanmi egal 2100 moun konsa	• Kay ki pre rivyè a ak kanal yo kapab kraze, inonde • Men moun sa yo kapab pèdi jaden ak bèt yo	• Kanalizasyon rivyè a • Jwenn refij pou ki ansekirite pou moun yo • Mande fanmy yo pou mete bèt yo, zouti ak entran agrikòl yo an sekirite • Chita tande ant rezo dalèt ak kominote epi fè ekzèsis pratik • Ankouraje tout fanmy nan zòn nan fè ti plan daksyon pa yo • Mande enjenyè yo oubyen agwonòm yo fè etid sou sa pou nou • Deplase moun ki nan zòn ki vilnerab anpil yo
• Tout basen vèsan anlè yo kraze tout sistèm nan plenn nan • Anpil pèt ekonomik pandan 2 lane	3 lokalite – 2100 moun ki abite sou wout ki monte sou yon bò basen vèsan an	• Zòn nan kapab ale nèt nan lanmè si pye mapou a ale • Kèk kay kapab inonde • Sistèm nan ap elimine • Kanal irigasyon ka ale	• Gabyon • Bèj rivyè a dwe pwoteje
Yon pati nan zòn Bosa rive nan Monfleri • Kèk kay ka inonde ak kraze • Anpil jaden ka devaste	Genyen omwens 150 kay ak 8 moun pa fanmi egal 1200 moun konsa	• Kay ki pre rivyè yo, kanal yo kapab inonde, kraze • Tout jaden ak bèt moun sa yo kapab pèdi	• Ranfòse fondasyon kay yo • Jwenn refij ki ansekirite pou moun sa yo • Mande fanmi yo pou mete bèt yo, zouti yo, pyès enpòtan ak entran agrikòl yo ansekirite • Tabli yon pwogram sou plizyè lane pou pwoteje rekòt moun yo (silo, depo, elt.) • Chita tande ant rezo dalòt ak kominote epi fè ekzèsis pratik • Mande enjenyè oubyen agwonòm yo fè etid sou sa pou nou • Deplase moun ki nan zòn ki vilnerab anpil yo
Yon pati nan zòn Platon rive Lasous • Kaptaj sous la ka kraze akòz inondasyon • Anpil kay ka inonde • Anpil pèt ekonomik pandan yon lane • Van ka kraze anpil kay	Plizoumwens 200 kay ak 7 moun pa fanmi egal 1400 moun konsa	• Anpil eboulman • Kay ki pre ravin yo • Gwo twou ka fouye vin parèt kèk kote • Gwo krevas ravin ka vin parèt • Wout la menase koupe • Dlo ka bwote jaden ale • Bèt ka pèdi, gen kay ki ka anfonse, kraze, moun ka mouri • Plis ewozyon sou mòn lan • Plis mizè pral nan seksyon an • Moun ka mouri anba kay yo • Jaden yo ka devaste	• Konsèvasyon sòl: mi sèk, gabyon, rebwazman • Jwenn ankadreman gwonòm/ONG • Fè chita tande ak kominote yo, fè ekzèsis pratik • Gabyonaj ak kanal drenaj bò wout la, fè antretyen • Ranfòse kay ak tout bagay ki pa gen enfrastrikti solid • Ankouraje tout fanmi nan zòn nan fè ti plan daksyon yo • Mande fanmi yo pou mete bèt yo, zouti yo ak entran agrikòl yo plis papye enpòtan yo ansekirite • Tabli yon pwogram sou plizyè lane pou pwoteje rekòt moun yo (silo, elt.) • Fè kay yo vin pi solid • Evakye moun ki vilnerab anpil yo

Ki zòn ak ki dega	Valè moun ki arisk	Ki danje	Mezi prevansyon
Kas – Gougla – Vout – Kowonèl • Anpil kay ka inonde	Plizoumwens 500 kay ak 7 moun pa fanmi egal 3500 moun	• Kay pi pre kanal yo kapab inonde, kraze • Menm moun sa yo ka pèdi jaden ak bèt yo	• Fouye kanal alantou kay yo pou dlo a koule • Ranfòse fondasyon kay yo • Jwenn refij ki an sekirite pou moun sa yo • Mande fanmi yo mete bèt yo, zouti yo ak entran agrikòl an sekirite • Mete papye enpòtan an sekirite • Tabli yon pwogram sou plizyè lane pou pwoteje rekòt moun yo (silo, elt.) • Fouye kanal irigasyon pi fon kote ki posib • Chita tande ant rezo dalèt ak kominote epi fè ekzèsis pratik • Ankouraje tout fanmi nan zòn nan fè ti plan daksyon pa yo • Mande enjenyè oubyen agwonòm fè etid sou sa pou yo

6.2. Plan daktivite KPSL-Lafon a

Answit KPSL-Lafon pwovizwa a te pwopoze yon plan daktivite sou kat (4) mwa ki pou te mennen sou yon KPSL Pèmanan, ki byen chita anndan kominote a, epi ki tabli sou yon baz demokratik. KPSL Pèmanan an te ajoute divès aktivite ki te mennen plan sila a sou sis (6) mwa.

PLAN DAKTIVITE KPSL PWOVIZWA

Ki sa ki bi nou an (sou 4 mwa)	Aktivite ki pou mennen	Ki bò n ap jwenn resous nou bezwen yo?	Ki moun ki reskonsab	Rezilta ak endikatè (ki jan n ap evalye travay la?)	Ki swivi ki pou fèt (bay detay sou aktivite espesyal ki nesesè pou nou veye, oswa si nou gen pou fè kèk bagay espesyal)
Bi nou nan yon (1) mwa	Fè reyinyon ak tout lidè kominotè yo Mete sou pye yon estrikti solidè nan tout ti lokalite yo Jwenn yon lokal pwovizwa	N ap jwenn resous yo nan kominote, KASEK, ASEK ak reprezantan gwoupman yo	Se Komite a ki reskonsab KASEK ak kominote a	Chak moun ap genyen wòl pa yo pou fè	Voye delege yo al verifye travay yo, wè si selil yo fòme
Bi nou nan de (2) mwa	Fè reyinyon ak tout lòt òganizasyon yo Fè fòmasyon pou manm selil yo ak lòt òganizasyon ki pat nan seminè CDRH la	Moun ki te swiv seminè CDRH la yo nan KPSL la Animatè CDRH yo Kòdinasyon pwovizwa	Komite a Reskonsab fòmasyon anndan KPSL la Y ap chwazi fòmatè yo nan chita pale ak fòmatè CDRH yo	Tout selil yo ni òganizasyon yo jwenn sansibilizasyon ak fòmasyon chak mwa	Se pou delege yo fè pase mesaj yo nan òganizasyon yo KPSL pwovizwa a fè lis patisipan yo epi rapò sou seminè ki te fèt yo
Bi nou nan twa (3) mwa	Mete yon Komite definitif sou pye (reyinyon) Mete estati yo sou pye	Nan kominote a	Komite a	Yon komite demokratik pèmanan ki gen moun konpetan, devwe ladan li ak apwi asosyasyon kredib anndan kominote a	
Bi nou nan kat (4) mwa	Rive gen yon komite byen òganize, byen estriktire k ap fonksyone Bay Soukomite yo tach yo Pou li byen estriktire, fòk nou ta jwenn teknisyen sou baz bon jan regleman entèn demokratik	Nan Kominote a Komite a epi ak apwi teknik CDRH ONG	KPSL pwovizwa, KPSL pèmanan ak patisipan nan pwogram fòmasyon an	Òganizasyon valè manm ak asosyasyon lokal ki reprezante anndan diferan estrikti KPSL la	KPSL ak CDRH ap fè rapò sou manm KPSL la Lis òganizasyon ki reprezante anndan KPSL la

PLAN DAKTIVITE KPSL PÈMANAN AN

Ki sa ki bi nou an (sou 4 mwa)	Aktivite ki pou mennen	Ki bò n ap jwenn resous nou bezwen yo?	Ki moun ki responsab	Rezilta ak endikatè (ki jan n ap evalye travay la?)	Ki swivi ki pou fèt (bay detay sou aktivite espesyal ki nesesè pou nou veye, oswa si nou gen pou fè kèk bagay espesyal)
Nan kat (4) mwa	Tèmine idantifikasyon istwa dezas nan kominote a Kontinye idantifye zòn ak eleman ki arisk yo epi ki vilnerab yo selon posibilite divès gravite dega yo Òganize reyinyon ak divès reprezantan asosyasyon lokal, sèvis Leta, teknisyen ONG nan zòn lan ak lòt enstitisyon prive pou mete yo okouran done yo epi planifye seyans travay elaborasyon plan daksyon, prevansyon Analize tout done yo epi fè yon lis eleman ki pi vilnerab yo ki merite pwoteje	Apwi òganizasyon lokal yo tankou ASEK, KASEK, Lameri, sèvis Leta ki gen enfòmasyon sa yo Sèvis Leta, ONG, Lameri, sektè prive nan zòn nan ak KASEK, plis òganizasyon KPSL, sèvis Leta, teknisyen, enstitisyon prive, ASEK, KASEK asosyasyon lokal yo Manm KPSL, reprezantan òganizasyon lokal, ASEK, KASEK	Soukomite edikasyon / enfòmasyon / rezo dalèt avèk idantifikasyon zòn arisk Soukomite edikasyon / enfòmasyon / rezo dalèt avèk idantifikasyon zòn arisk, evalyasyon dega Komite Kòdinasyon KPSL la	Disponiblite plis enfòmasyon sou zòn arisk yo Done sou kantite zòn ki arisk epi ki pi vilnerab yo Genyen yon plan daksyon ekri	Verifikasyon fòmasyon sa yo. Kòmanse analize enfòmasyon yo KPSL la ap kòmanse fè analiz sou done li kòmanse genyen yo. KPSL asire li tout moun oswa enstitisyon ki dwe patisipe yo jwenn envitasyon Rankont ak kominote a pou diskite sou chwa eleman ki pi enpòtan yo
Nan senk (5) - sis (6) mwa	Òganizasyon seyans travay, idantifikasyon mezi prevansyon yo Ranfòse Soukomite yo: enfòmasyon, edikasyon ak brigad sekouris yo nan tout zòn ki plis arisk epi plis vilnerab yo Òganize seyans fòmasyon ak similasyon pou manm KPSL la, brigad yo ak popilasyon nan zòn nan ak nan lòt enstitisyon prive yo	KPSL, teknisyen, sèvis Leta ak prive, ONG nan zòn nan, Lameri, reprezantan òganizasyon nan zòn nan ASEK, KASEK, apwi asosyasyon Fanm, Jenès ak lòt asosya-syon kominotè, travayè sante nan zòn nan ki gen konpetans nan domèn sa a, legliz, lapolis, elt.	KPSL, KASEK, ASEK, Lameri Komite Kòdinasyon, Soukomite enfòmasyon/edikasyon ak Soukomite sekouris Reskonsab fòmasyon anndan KPSL la	Dives mezi prevansyon vin chwazi epi plan daksyon an vin tabli Soukomite enfòmasyon / edikasyon ak brigad sekouris kanpe Ogmantasyon valè moun nan rezo dalèt ak brigad yo epi ogmantasyon konpetans yo	KPSL ap kontakte moun oswa enstitisyon yo te prevwa ki ka bay bourad nan ekzèsis plan daksyon an Fòmasyon kontini KPSL la evalye pwogram fòmasyon an epi lap fè evalyasyon pou wè si plis moun nan kominote a sansibilize

7. Analiz nivo risk ak vilnerabilite yo anndan kominote a

Depi nan seminè fòmasyon nou te resevwa, manm KPSL-Lafon an ap travay pou idantifye ki kalite danje dezas ki ta gen dwa frape kominote a, epi ki mezi prevansyon ki ta pi apwoprye pou kominote a adopte. Travay sila a mande an prensip bonjan enfòmasyon sou istwa dezas yo ki te pase deja anndan kominote a, epi tout lòt kalite enfòmasyon sou divès posibilite pou yon dezas ta vin frape nou yon jou. Divès teknisyen nan zòn nan bannou bonjan konkou sou koze sila a, mete sou sa nou te jwenn nan CDRH (tankou sou posiblite pou yon tranbleman latè ta rive yon jou).

Men idantifye dezas ki ka rive ak nan ki degre gravite se youn nan etap travay la sèlman. Idantifye ki zòn ki ta gen dwa frape pi plis selon divès kalite dezas yo, epi ki bagay ak ki popilasyon anndan ti zòn sila a yo ki ta pi plis an danje (sa nou rele "eleman ariks"), se yon lòt.

Anplis, gen nesesite pou idantifye nivo risk yo pou chak grenn nan eleman arisk yo, ki vle di nivo pèt potansyèl yo, sizoka yon dezas ta rive. Travay sila a mande anpil monte-desann sou teren an pou al obsève epi analize tout eleman arisk yo. Anpil chita pale ak popilasyon an tou, yon jan pou rive evalye epi chifre nivo pèt tanjib ak pèt entanjib yo ak piplis presizyon nou kapab.

7.1. Idantifikasyon eleman pi vilnerab ak pi enpòtan pou kominote a

Lè nou te fin fè tout travay pou idantifye eleman ki arisk yo ak degre vilnerablite yo epi nivo pèt potansyèl yo, manm KPSL-Lafon a te òganize yon seri brase-lide ak popilasyon an nan tout zòn ki te konsène yo. Brase-lide sila yo fèt pou prezante bay popilasyon an rezilta travay KPSL-Lafon a te fè, yon jan pou mete yo okouran ki eleman ki arisk epi ki vilnerab nan zòn bò lakay yo sizoka yon dezas ta rive.

KASEK, ASEK ak otorite minisipal yo te envite nan reyinyon sila yo. Menm jan, nou te pran swen pou envite reprezantan ONG kap feraye nan zòn lan, ak reprezantan divès ajans ak Ministè Leta santral ki travay nan Komin lan. Plizyè lidè kominotè te patisipe nan mòd reyinyon sila yo, tankou notab yo, reprezantan legliz yo, divès reprezantan pati politik, elatriye.

Chita-pale sila yo te bannou tou yon lòt okazyon pou fè anpil sansibilizasyon sou prekosyon popilasyon an ta dwe pran pou pwoteje fanmi yo ak kominote a

anka dezas. Manm Soukomite brigad sekouris and rezo dalèt te pwofite pou prezante kijan yo òganize ekzèsis similasyon anka dezas.

Men sa ki pi enpòtan nan brase-lide sila yo, se lè popilasyon an nan chak ti zòn te rive tonbe dakò sou ki eleman ki pi vilnerab epi ki pi enpòtan pou kominote a. Anjeneral, yo asepte tou analiz ak rekòmandasyon KPSL-Lafon a te prezante bay yo a sou koze sila yo. Men tout bèl echanj lide ki te fèt nan okazyon sila yo te fasilite KPSL-Lafon a jwenn divès rekòmandasyon nan men popilasyon an. Li pèmèt sitou pou tout kominote a vin pran konsyans se pa tout bagay KPSL-Lafon a ka fè.

Gen divès eleman ki arisk anndan kominote a, kote se mèt kò ki veye kò a. Se konsa pi fò moun yo rive tonbe dakò se reskonsablite chak fanmi pou ranfòse kay yo piplis yo kapab. Popilasyon an mande KPSL-Lafon a pou òganize plizyè seminè pou bòs ki nan konstwi kay, yon fason pou bòs sa yo ta disponib anndan kominote a pou ede popilasyon an ki ta vle pran bonjan mezi pou ranfòse kay yo a. Se apeprè menm mòd rezilta nou jwenn pou anpil eleman arisk ki se pwopriyete prive moun.

Sa ki te klè pou tout moun se nesesite pou pwoteje yon seri estrikti anndan kominote a ki enpòtan pou tout moun. Estrikti sila yo jwenn tout enpòtans sila pou tèt wòl sosyal li jwe anndan kominote a anjeneral. Men yo jwenn piplis enpòtans toujou lè popilasyon an vin konsidere wòl yo ta kapab jwe sizoka yon dezas ta rive. Se konsa yon gwo priyorite vin plase sou pwoteje dispansè ak legliz yo (ki ta kapab sèvi refij pou anpil moun).

KPSL-Lafon a te prepare yon seri kat mikwo zòn sou divès eleman arisk ak vilnerab yo.

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Bosa, Monfleri, Adonis, Lafòtin 160 kay		a	b		58	10	2	Chak kay koute 40,000 x 2 = 80,000 Reparsyon pou kay mwayen yo : 20,000x10=200,000 Materyel pou 12 kay 15,000 x 12=180,000 Total : 460,000 gds	Chak kay gen 8 moun 12x8=96 moun Mizè tout mouns sa yo ogmante timoun yo pa ale lekol, plis koripsyon	Se mande yo pou yo deplase nan zòn nan e mete bèt yo nan bon pozisyon epi chèche yon sant ki ansekirite fè moun yo mete papye enpòtan yo ansekirite
Van	Bosa, Monfleri, Adonis , Lafòtin	a b c		a	b		60	100	Chak kay koute 40,000 40,000 x 100 = 4,000,000. Reparasyon pou 60: 60x 20,000=120.000 materyel pou 160 kay 20,000 x 160 kay= 3,200,000 Total : 7,320,000	A 8 moun kay 160 moun x 8 =1280 donk tout moun sa yo pral lage nan lari, kriz ekonomik la ap ogmante pral gen plis koripsyon	Se sansibilize moun yo pou yo konsolide kay yo anvan period siklòn nan, retire branch bwa ki sou kay yo.

1- Konstriksyon
a- Fondasyon
b- Kò kay la solid
c- Twati pa solid
d- Lòt

2- Teren
a- Teren kapab inonde
b- Teren kapab marakaj
c- Teren an nan zòn eboulman, glisman
d- Lòt

3- Pozisyon l
a- Li anba fòs gwo van
b- Li kapab inonde
c- li nan zòn eboulman ka fèt
d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik

4- Pa pwoteje
a- Pa gen drenaj
b- pye bwa twò kole
c- Lòt

Sinyifikasyon lèt yo
B Vle di **ba**
M Vle di **mwayen**
W Vle di **wo**

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Monben Estanda 450 kay Monben 200 kay Estanda 250 kay	a a	a a	b b		20 100	30 50	150 100	Chak kay koute 40,000 150 x 40,000=600.000 Reparasyon 30 kay 15,000 x 30 = 450.000 materyel pou 180 kay 15,000 x 180 =2,700.000 Total : 3,750.000 Estanda: 100 kay koute 4000,000 reparasyon pou 50 kay koute :750,000. Materyel 150 kay 1,850,000 Total : 6,600,000	Chak kay gen 8 moun:180 x 8 =1440 Moun sa yo pral nan plis mizè yo pa gen kote pou yo rete, ti moun pap kapab al lekol Chak kay 8 gen moun 150 x 8 = 1,200 moun moun sa yo pa ge kote pou yo rete. Ti moun pa ka al lekol, gen plis mizè	Mande moun pou yo deplase nan zon arisk yo ,mete bèt o nan bon pozisyon Sa fè tout mounyo deplase nan zòn nan bon pozisyon epi chahce yon sant ki ansekirite, se fè moun yo mete papyeenpòtan ansekirite
Van Inondasyon	Monben , Estanda 25 kawo tè an jaden Monben Estanda 1000 zanimo tankou bèt bourik chwal milèt kabrit,poul		a	a b	b			25 1000	Chak jaden 50.000 x 25= 1,250,000 gds Chak bèt koute 5,500 gds 5.500 x 1000 = 5,500.000	Bèt yo ap mouri grangou mizè ap ogmante nan kominote a. Ti moun pap kapab ale lekol ap gen plis mizè nan zòn nan	Mete gòl anba bannan yo, retite bèt yo , mete yo an sekirite

1-	Konstriksyon	2- Teren	3- Pozisyon l	4- Pa pwoteje	Sinyifikasyon lèt yo
a-	Fondasyon	a- Teren kapab inonde	a- Li anba fòs gwo van	a- Pa gen drenaj	B Vle di ba
b-	Kò kay la solid	b- Teren kapab marakaj	b- Li kapab inonde	b- pye bwa twò kole	M Vle di mwayen
c-	Twati pa solid	c- Teren an nan zòn eboulman, glisman	c- li nan zòn eboulman ka fèt	c- Lòt	W Vle di wo
d-	Lòt	d- Lòt	d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik		

KPSL Lafon
Lafon



Reprodiksyon grafik kat KPSL la te fè
vin realize gras a asistans teknik
Centre de Développement des Ressources Humaines (CDRH)
pou Pwogram Ranfòsman Rezo Komunotè Pwoteksyon Sivil

BEST AVAILABLE COPY

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Nan Kas 150 kay	a b c	a	b		70	30	50	Chak kay koute 10,000$ 150x10,000 = 150,000$	Si chak kay gen 7 moun 150x7 = 1,050 papye tè ak nesans moun sa yo pa gen kote pou yo rete	Se mande yo pou yo deplase nan zòn nan e mete bèt yo nan bon pozisyon epi chèche yon sant ki ansekirite
Van	Nan Kas 200 kapab kraze	c	c	a	a	100	30	70	Chak kay koute 20,000$ 200x20,000 = 400,000$	Si chak kay gen 7 moun 200x7 = 1,400 e nou mande moun sa yo pou yo sòti nan zòn sa a	Se fè moun sonje pou yo sòti nan zòn nan pou evite male ak danje epi mande moun yo pou yo evakye

1- Konstriksyon
a- Fondasyon
b- Kò kay la solid
c- Twati pa solid
d- Lòt

2- Teren
a- Teren kapab inonde
b- Teren kapab marakaj
c- Teren an nan zòn eboulman, glisman
d- Lòt

3- Pozisyon l
a- Li anba fòs gwo van
b- Li kapab inonde
c- li nan zòn eboulman ka fèt
d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik

4- Pa pwoteje
a- Pa gen drenaj
b- pye bwa twò kole
c- Lòt

Sinyifikasyon lèt yo
B Vle di **ba**
M Vle di **mwayen**
W Vle di **wo**

BEST AVAILABLE COPY

KPSL Lafon
Nan Kas



Reprodiksyon grafik kat KPSL la te fè
vin realize gras a asistans teknik
Centre de Développement des Ressources Humaines (CDRH)
pou Pwogram Ranfòsman Rezo Kominotè Pwoteksyon Sivil

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Nan Vout 75 kay		a	b	a	15	20	40	40 kay koute : 40 x 50,000 = 200.000 Reparasyon kay mwayen 20,000 x 20 = 400,000 materyel pou 60 kay 15,000 x 60 = 900,000 Total : 3,300,000	Chak kay gen 8 moun 8 x 60 =480 y ap nan grangou yo ap gen kote pou yo rete yo nan lamizè , pitit yo pap ka al lekol	Mande moun yo ou yo deplase kite zòn nan mete bèt yo nan bon pozisyon, chache kote ki an sekirite pou moun yo
Van	Nan Vout 75 kay	a b c		a	b	5	25	45	Chak kay evalye a 50,000 45x 50,000 = 2250,000 reparasyon pou 25 kay 10,000 x 25 = 250,000 materyel pou 70 kay 15,000x70=1,500.000 Total : 3,550,000	Chak kay gen 8 moun 8x 70 = 560 moun y ap nan grangou lamizè blayi nan kominote a ti moun yo pap ka al lekol	Koupe branch bwa ki kole sou kay yo mete kay yo an sekirite sak pa solid yo evakye moun ki nan kay ki pa solid yo mande yo ou yo evakye.

1- Konstriksyon
a- Fondasyon
b- Kò kay la solid
c- Twati pa solid
d- Lòt

2- Teren
a- Teren kapab inonde
b- Teren kapab marakaj
c- Teren an nan zòn eboulman, glisman
d- Lòt

3- Pozisyon l
a- Li anba fòs gwo van
b- Li kapab inonde
c- li nan zòn eboulman ka fèt
d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik

4- Pa pwoteje
a- Pa gen drenaj
b- pye bwa twò kole
c- Lòt

Sinyifikasyon lèt yo
B Vle di ba
M Vle di mwayen
W Vle di wo

25

BEST AVAILABLE COPY



Reprodiksyon grafik kat KPSL la te fè
vin realize gras a asistans teknik
Centre de Développement des Ressources Humaines (CDRH)
pou Pwogram Ranfòsman Rezo Kominotè Pwoteksyon Sivil

26

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Gas 123 400 kay nou retire mache, lekol, legliz, dispansè, moninan istorik	a	a	b		50	100	250	Youn kay koute 2000 alò 250 x 2000 = 500.000 gdes. Reparasyon pou 100 kay mwayen 10.000 100 x 10.000=100.000 materyel pou kay ki mwayen 500.000. pou kay ki wo250.000 Total jeneral : 5760,000	Moun pa kay gen 7 moun ki nan mizè 250 x 7 = 1750 100 x 7 = 700 moun ki nan mwatye mizè. Anpil moun nan lari yo ap nan sinistre	Se pou tout moun sa yo soti epi ale nan yon katye ki pwoteje se sansibilize yo ak bon ankadreman
Van	Gas 1,2,3 40 karo tè an jaden bannann		a	b		3	7	30	30 karo tè an jaden koute : 150.000 gdes pou jade nivo mwayen 7 jaden koute : 175,000gds Total jeneral : 190,000 gds	Manje po bèt yo, bèt yo pral mouri grangou fimye ki sou tè yo ap prale nan lamè mizè ap ogmante nan kominote a	Fè klotire jaden yo , fè anplil rebwazman, ak konsèvasyon sòl nan mòn yo. Ann monte yo rekolte tout plant ki nan jaden yo.

1- Konstriksyon
a- Fondasyon
b- Kò kay la solid
c- Twati pa solid
d- Lòt

2- Teren
a- Teren kapab inonde
b- Teren kapab marakaj
c- Teren an nan zòn eboulman, glisman
d- Lòt

3- Pozisyon l
a- Li anba fòs gwo van
b- Li kapab inonde
c- li nan zòn eboulman ka fèt
d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik

4- Pa pwoteje
a- Pa gen drenaj
b- pye bwa twò kole
c- Lòt

Sinyifikasyon lèt yo
B Vle di ba
M Vle di mwayen
W Vle di wo

27.

BEST AVAILABLE COPY

KPSL Lafon
qaz 1



Reprodiksyon grafik kat KPSL la te fè
vin realize gras a asistans teknik
Centre de Développement des Ressources Humaines (CDRH)
pou Pwogram Renfòsman Rezo Kominotè Pwoteksyon Sivil

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Kowonel , Kas gen 700 kay		a	b		175	7	18	Chak kay koute 35000 x 18 = 630.000 reparasyon kay mwayen 7 x 10,000 = 70,000 materyel 25 kay 25 x 15,000 = 375,000 Total 1,075.000	Chak kay gen 7 moun :25 x 7=175 moun, mizè tout moun sa yo ogmante Ti moun yo pap kapab ale lekol	Sa fè tout moun yp deplase nan zòn nan e mete bèt yo nan bon pozisyon, chache yonsant ki an sekirite, se fè moun yo mete papye enpòtan yo an bon sekirite
Van	Kas, Kowonel	a b c		a	b		300	400	Chak kay koute 35000 400 x 35,000 = 14,000.000 reparasyon 300 kay . materyel chak kay 15,000 700 x 15 = 10,500.000	Pou tout pwoblèm sa yo mizè mou yo ogmante grangou ti moun yo pa kapab ale lekol	Se koupe branch bwa ki sou kay yo sa ki pi mal yo ba yo supò pou yo pa tonbe

1- Konstriksyon
a- Fondasyon
b- Kò kay la solid
c- Twati pa solid
d- Lòt

2- Teren
a- Teren kapab inonde
b- Teren kapab marakaj
c- Teren an nan zòn eboulman, glisman
d- Lòt

3- Pozisyon l
a- Li anba fòs gwo van
b- Li kapab inonde
c- li nan zòn eboulman ka fèt
d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik

4- Pa pwoteje
a- Pa gen drenaj
b- pye bwa twò kole
c- Lòt

Sinyifikasyon lèt yo
B Vle di **ba**
M Vle di **mwayen**
W Vle di **wo**

BEST AVAILABLE COPY

KPSL Lafon
Koronèl



Reprodiksyon grafik kat KPSL la te fè
vin realize gras a asistans teknik
Centre de Développement des Ressources Humaines (CDRH)
pou Pwogram Ranfòsman Rezo Kominotè Pwoteksyon Sivil

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Tomabwen Kaptaj sous 150 kay		a a			148	x	x 2	50,00 goud Chak kay koute 20,000 gds x 2 = 40,000 Materyel pou yon kay 10,000 x 2 = 20.000gds Total jeneral 60.000gds	Absans dlo pou popilasyon an Chak kay gen 10 moun sa vle di 20 moun ap nan lari	Rebwazman nan zòn dlo a ak gagyon alantou kaptaj la. Deplase moun yo al viv nan lòt zòn ki pwoteje
Van	Bwa Lari ak Tomabwen 300 kay	b c		a	b	200	55	45	Chak koute 20,000gds 20000 x 45=900.000 Reparasyon pou 55 kay mwayen 10.000 pou yon kay 55 x 10.000 = 55.000 Reparasyon materyel kay ki wo 10.000 10.000 x 45 = 45.000 pou kay ki mwayen se 5000 55 x 5000 = 27500 Total = 127,500 gdes	8 moun pa kay mwayen ak kay wo 55+45 = 100 100 x 8 = 800 moun nan lari plis mizè	Fòk yo koupe tout branch bwa ki kole yo, fok yo solid kay yo anvan siklon e fè yo konnen enpòtans mezi de prevansyon

1-	Konstriksyon	2- Teren	3- Pozisyon l	4- Pa pwoteje	Sinyifikasyon lèt yo
a-	Fondasyon	a- Teren kapab inonde	a- Li anba fòs gwo van	a- Pa gen drenaj	B Vle di ba
b-	Kò kay la solid	b- Teren kapab marakaj	b- Li kapab inonde	b- pye bwa twò kole	M Vle di mwayen
c-	Twati pa solid	c- Teren an nan zòn eboulman, glisman	c- li nan zòn eboulman ka fèt	c- Lòt	W Vle di wo
d-	Lòt	d- Lòt	d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik		

KPSL Lafon
Tomabren



Reprodiksyon grafik kat KPSL la te fè
vin realize gras a asistans teknik
Centre de Développement des Ressources Humaines (CDRH)
pou Pwogram Ranfòsman Rezo Komunotè Pwoteksyon Sivil

BEST AVAILABLE COPY

KPSL Lafon
Balawi



Lejann

- fontèn
- ravin sèch
- rivyè
- wout
- rezo elektrik
- sechrès
- dife
- inondasyon
- van
- aksidan avyon
- tònad
- tranbleman tè
- glisman teren
- Eboulman
- Ewozyon
- Lafoud
- Epidemi
- Zòn siklòn deja
- kraze
- Simityè
- Jaden

BEST AVAILABLE COPY

Reprodiksyon grafik sat KPSL la te fè
vin realize gras a asistans teknik
Centre de Développement des Ressources Humaines (CDRH)
pou Pwogram Ranfòsman Rezo Kominotè Pwoteksyon Sivil

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Nan Dal Beri 83 kay Dal Madan Pyè Beri		ac c	bc c		15 20 15	8 10	10 5			
Van	Nan Dal	abc		a	b		10	23	Chak kay koute 40,000 123x 40,000 = 920,000 Reparasyon pou 10 kay mwayen yo: 15,000x10=150,000 materyel pou 33 kay sa yo 8000 kay 33 x 8000=1.334,000	Tout muon ki sinistre pral gen plis grangou, plis maladi pral rantre sou moun yo	Se koupe tout branch bwa ki sou kay yo konsolide kay ki pa nan bon eta yo.

1- Konstriksyon
a- Fondasyon
b- Kò kay la solid
c- Twati pa solid
d- Lòt

2- Teren
a- Teren kapab inonde
b- Teren kapab marakaj
c- Teren an nan zòn eboulman, glisman
d- Lòt

3- Pozisyon l
a- Li anba fòs gwo van
b- Li kapab inonde
c- li nan zòn eboulman ka fèt
d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik

4- Pa pwoteje
a- Pa gen drenaj
b- pye bwa twò kole
c- Lòt

Sinyifikasyon lèt yo
B Vle di ba
M Vle di mwayen
W Vle di wo

34

Tablo 1: Idantifikasyon eleman arisk yo **Lokalite: Lafon** **Komin: Jakmèl** **Ane : 2001**

Mòd Menas	Eleman arisk yo Kibò yo ye	Ki sa ki mete eleman sa yo an danje				Ki nivo vilnerabilite yo			Sa popilasyon an ka pèdi		Ki mezi prevansyon
		1	2	3	4	B	M	W	Evalyasyon anchif ak lajan yo koute	Sa nou pa ka evalye anchif men ki enpòtan	
Inondasyon	Lasous, Platon 700 kay Lasous 300 kay		c	c		175	15	10	Chak kay koute 35,000 10x 35,000 = 350,000 reparasyon kay mwayen yo : 10,000 x 15 = 150,000. Materyel pou 25 kay : 150,000x 25=375.000 Total: 875,000	Chak kay genyen 7 moun:25 x 7 = 175 mizè tout moun sa yo ogmante yo pa gen kote pou yo rete, ti moun pa kapab ale lekol plis koreksyon	Se evakye moun yo se fè tout moun yo mete papye enpòtan ansekirite ak tout bèt yo
Van	Platon Lasous	a b c		a	b		200	300	Chak kay koute 35000x300=10.500,000 Reparasyon pou 200 kay chak kay koute 15,000 15,000 x 200 = 3000,000 materyel pou 700 kay 15,000 x 700= 10,500.000 Total: 24,000.000	Tout moun ki sinistre pral gen plis grangou plis maladi pral rantre sou moun yo	Se koupe tout branch bwa ki sou kay yo e konsolide kay kipa an bon eta yo

1- Konstriksyon
a- Fondasyon
b- Kò kay la solid
c- Twati pa solid
d- Lòt

2- Teren
a- Teren kapab inonde
b- Teren kapab marakaj
c- Teren an nan zòn eboulman, glisman
d- Lòt

3- Pozisyon l
a- Li anba fòs gwo van
b- Li kapab inonde
c- li nan zòn eboulman ka fèt
d- Li pre lòt kay, li kole ak poto elektrik

4- Pa pwoteje
a- Pa gen drenaj
b- pye bwa twò kole
c- Lòt

Sinyifikasyon lèt yo
B Vle di **ba**
M Vle di **mwayen**
W Vle di **wo**

7.2. Mezi prevansyon yo

Sou baz tout travay KPSL-Lafon a te fè, ak tout brase-lide ki te fèt ak popilasyon an, gen divès mezi prevansyon kominote a te deside pran an priyorite. Li klè travay sila a poko fini. Menm jan KPSL-Lafon a ak popilasyon anjeneral gen pou kontinye analize eleman arisk e ki vilnerab yo anndan kominote a, menm jan tou gen divès estrateji ak mezi prevansyon kont dezas nou gen pou kontinye aplike anndan kominote a.

a) Sou baz istwa dezas yo ki te deja rive anndan kominote a

Ki zòn ak ki dega ki ka fèt	Mezi prevansyon
KAS I / II / III, Koronel, Kas, Gas, Vout, Dal Monfleri, Adonis, Estanda • Zòn Kas la ka inonde • Anpil kay kraze • Anpil jaden ka devaste • Dispansè / lekòl • Legliz katolik / mache kominote a • Sistèm dlo potab • Sistèm irigasyon an kraze • Wout andomaje	• Fè moun yo konsilide kay yo anvan period siklon nan koupe branch bwa ki sou kay yo • Jwenn refij ki an sekirite pou moun sa yo • Mande fanmy yo pou mete bèt ak zouti agrikòl ansekirite • Mete papye enpòtan an sekirite • Tabli yon pwogram sou plizyè lane pou pwoteje rekòt moun yo (silo, elt.) • Kote ki posib fouye kanal irigasyon yo pi fon • Chita tande ant rezo dalèt ak kominote epi fè ekzèsis pratik • Ankouraje tout fanmy nan zòn nan fè ti plan daksyon pa yo • Mande enjenyè oubyen agwonòm fè etid sou sa pou nou
• Ti basen vèsan lè sistèm irigasyon • Sistèm dlo potab la ka kraze • Anpil jaden ka devaste • Kèk lekol menase tonbe	• Konsèvasyon sòl : Misèk, gabyon • Rebwazman nan chak lokalite yo nan tèt ansanm (nan kòdinasyon, elt.) • Jwen ankadreman agronòm ONG • Kanpe Soukomite enfòmasyon enfòmasyon fè chita tande ak kominote yo fè egzèsis pratik • Idantifye refij an sekirite pou ti moun , gran moun ak fanmi ki menase yo • Gabyonaj ak kanal drenaj bò wout la , fè antretyen • Ranfòse koperativ ak kès epay yo

b) Sou baz gwo danje konsekans yon siklòn grav ta vin frape kominote a

Ki zòn ak ki dega ki ka fèt	Mezi prevansyon
• Dispansè ki anndan mitan basen vèsan an	• Fouye kanal drenaj arebò li. Koupe gwo pye bwa bò kote l, ak bon gèt kwaze
• Legliz ki nan plenn nan, bò kote sistèm irigasyon an	• Ranfòse twati tòl lan. Ranfòse mi kay yo, ak bon jan gèt kwaze, fouye kanal drenaj alantou
• Wout ki sòti basen vèsan an, rive nan bouk la, an pasan pa lokalite ki bò kote sistèm irigasyon an	• Koupe tout gwo branch sèch sou pye bwa ki arebò wout lan • Koupe pye bwa yo ki sanble rasin yo pa fin twò solid, epi ki ta sanble menase pou tonbe anka gwo van • Fouye kanal drenaj sou tout longè wout la, epi fè antretyen regilye
• Anpil jaden ka kraze, bannann, pwa ak mayi	• Ranmase tout pwodwi ki deja prepare pou sèvi yo
• Anpil bèt ka pedi	• Deplase tout bèt ki kote vilnerab yo
• Mache ki nan zòn nan tre pre kanal irigasyon ak fòs van	• Ranfòse twati epi ranfòse mi kay yo • Fouye kanal drenaj alantou
• Anpil moun	• Degèpisman
• Sistem irigasyon	• Retire dlo a nan tèt kanal la
• Anpil kay ka pèdi	• Reparasyon ak konstriksyon nan lòt teren
• Lokal òganizasyon INESKO	• Reparasyon

KPSL-Lafon a pran reskonsablite pou veye pou divès mezi prevansyon sila yo vin aplike tout bon. Nan sans sila a, divès asosyasyon kominotè ki reprezante anndan KPSL-Lafon a pran angajman pou garanti patisipasyon pa yo a, epi aktivite sila yo ap fèt selon yon kalandriye ki fin prepare nan tèt ansanm.

Lòt gwo mezi prevansyon kominote a gen pou pran se pou kontinye batay pou plis devlòpman rive fèt anndan kominote a, yon jan pou tout fanmi yo rive jwenn plis repondong anka yon dezas ta frape yo. Se sèl jan pou evite yon fanmi ta tonbe nan gwo pwoblèm lamizè, epi ta blije vann tout ti byen li yo, vann tè yo, epi al tonbe nan ekzòd riral.

Nan sans sila a, pi fò òganizasyon kominotè nan zòn lan vin piplis byen konprann nesesite pou pote kole nan divès kalite zefò k ap fèt pou apiye divès pwojè devlopman anndan kominote a, yo rive konprann tout enpòtans pou pwojè sila yo kenbe kont posiblite dezas yo, epi pou bonjan mezi prevansyon kont dezas vin entegre anndan pwojè sila yo.

Nou gen dwa sinyale pa ekzanp volonte popilasyon an esprime pou travay pou ranfòse koperativ nan zòn lan, anpatikilye kès depay lan. Menm jan tou, gen anpil rezolisyon ki adopte pou apiye tout pwojè ki pou fasilite asosyasyon fanm yo jwenn plis kredi pou ti machann yo, ki se manman pitit epi ki gen gwo reskonsablite pou asire byennèt fanmi yo. Yon lòt dispozisyon enpòtan ki te

deside, se travay pou ranfòse kapasite peyizan yo pou pwoteje rekòt agrikòl yo nan vin enstale divès silo nan zòn lan.

Pwojè sila yo ap mande tan, epi yo gen dwa blije jwenn konkou nan men leta, ONG, ak kominote entènasyonal la. Men kominote a vin pi klè sou enpòtans yo epi nesesite pou pòte kole pou yo rive fèt tout bon.

Pou nou fini, n ap sinyale gen anpil mezi prevansyon ki te deside epi ki te jwenn apwi popilasyon an tankou : fè antretyen wout yo, fè konsèvasyon sòl sou basen vèsan ki anlè sistèm irigasyon an, fè antretyen sistèm irigasyon an li menm, epi mete kanpe bonjan komite antretyen sistèm adiksyon dlo potab lan anndan kominote a.

Travay antretyen sila yo se asosyasyon peyizan, fanm ak jèn yo anndan kominote a k ap reskonsab pou fè yo. Bank zouti yo, kominote a te jwenn nan kad pwogram rekonstriksyon enfrastrikti annapre Siklòn Jòj la ap itil anpil pou tout aktivite sila yo. KPSL-Lafon a ap toujou pote konkou li bay asosyasyon kominotè yo ki pran angajman sila yo douvan kominote a.

8. Resous yo anndan kominote a

KPSL-Lafon a te fè yon premye analiz sou ki resous ki ta disponib anndan kominote a anka yon dezas ta rive. Travay sila mande pou nou kontinye fè li piplis toujou. Chak Soukomite reskonsab pou reyalize travay sa a sou bò pa yo, epi remèt yon rapò ekri bay Komite Kòdinasyon an.

Ki resous ki disponib anndan kominote a

AKTIVITE YO	RESOUS MATERYEL	RESOUS MOUN
Istwa dezas nan zòn nan	Kaye, kreyon	Granmoun yo, ansyen kASEK, ASEK nan Seksyon Kominal yo, ansyen ajan agrikòl yo, ansyen ajan sante, Pè, pastè, apantè, manm sekouris yo, ansyen pwofesè yo, ansyen ofisye sanitè yo
Pou fè evalyasyon risk yo	Papye anbalaj, makè, kaye ak kreyon	ASEK, KASEK, agwonòm, bòs ki konstwi kay yo, teknisyen agrikòl yo, kontremèt yo, ajan sanitè yo eskout, asosyasyon peyizan, jenès, fanm lokal yo
Sansibilizasyon	Papye anbalaj, makè, megafòn, radyo, kasèt CDRH yo, kasèt video CDRH lan, materyèl fòmasyon CDRH	Lekòl, legliz, doktè fèy yo, asosyasyon lokal yo, kASEK, ASEK Lè nou bezwen lajan na jwenn li nan men patenè nou yo e kontribisyon kominote a
Brigad sekouris yo	Twous premye swen	Ajan sante, eskout, ekip sekouris ki nan zòn nan, doktè fèy, matwòn yo, jèn yo, lekòl yo, jenès legliz yo
Edikasyon / Enfòmasyon ak Rezo dalèt	Papye, Plim	Moun ki fome nan fomasyon CDRH ak kèk lidè kominotè yo
Idantifikasyon zòn arisk yo		Moun ki fòme sou jesyon dezas yo nan fòmasyon CDRH yo
Prevansyon ak ranfòsman enfrastrikti / rekonstriksyon	Wou, pikwa, bourèt	Bòs yo, enjenyè oswa kontremèt, notab ak otorite lokal yo

Anplis resous de baz sa yo, nan etid divès bezwen KPSL-Lafon a ak kominote a ta kapab bezwen sizoka yon dezas ta rive, nou vin idantifye divès lòt kalite resous ki ta disponib anndan kominote a.

Se konsa KPSL-Lafon a idantifye nesesite pou bank zouti ki vin mete aladispozisyon asosyasyon kominotè yo ki te patisipe nan pwojè rekonstriksyon enfrastrikti annapre Siklòn Jòj la ak tout brigad antretyen enfrastrikti ki te vin fòme yo ta patisipe nan aktivite pote-kole ki ta gen pou fèt yo annapre yon dezas.

9. Rezime Plan Daksyon KPSL-Lafon a anka divès kalite dezas

KPSL-Lafon a prevwa divès kalite aktivite k ap gen pou fèt sizoka yon dezas ta rive. Aktivite sila yo pap menm selon kalite ak gravite dezas ki ta frape. Poutèt sa, nou prezante divès estrateji sila yo nan paj k ap vin annapre yo. Plan daktivite espesifik sila yo se yon ti gid yo ye. KPSL-Lafon an kontinye devlope estrateji sila yo piplis toujou, anpatikilye sou baz ekzèsis similasyon divès Soukomite yo ap fè nan tèt ansanm ak kominote a.

9.1. Inondasyon grav

Konsekans pi grav potansyèl yo

a) Anpil boulvès anndan kominote a
b) Anpil dega ak pèt materyèl
c) Rezo dlo potab lan vin kontamine
d) Divès moun kapab viktim (moun mouri, ,moun blese)
e) Nesesite pou evakye anpil moun yo kote ki ansekirite
f) Plis maladi ak danje epidemi anndan kominote a, plis mizè
g) Anpil pèt ekonomik anndan kominote a

Mezi prevansyon yo ak divizyon reskonsablite yo

a) enfòme popilasyon an sou posibilite dezas sila ta rive yon jou, epi sou konsekans b) enfòme popilasyon prese-prese lè danje inondasyon an ta vin parèt tout bon	Soukomite enfòmasyon / sansibilizasyon / edikasyon ak rezo dalèt
c) mete kanpe katye jeneral KPSL-Lafon a anka inondasyon nan yon zòn espesifik d) tabli wòl ak tach chak Soukomite yo epi pwosesis kòdinasyon an e) mobilize benevol ak resous materyèl ki nesesè yo	Komite Kòdinasyon KPSL la
f) garanti bonjan reao kominikasyon (radyo, telefon, mesaje, elt) g) jere enfòmasyon an anpatikilye relasyon KPSL la ak laprès ak kominote a	Soukomite enfòmasyon / sansibilizasyon / edikasyon ak rezo dalèt
h) elimine tout posiblite danje ki ta sòti nan sèvis piblik ki andomaje yo tankou dispansè, lekòl piblik, elatriye	Sèvis piblik ki konsène yo tankou KASEK la Komite Kòdinasyon KPSL la
i) pwoteje byen materyèl epi deplase resous kominote yo si nesesè j) kontwole sikilasyon moun ak machin anndan zòn afekte yo k) antrepoze materyèl ak ekipman yo ansekirite	PNH Komite Kòdinasyon KPSL la
l) mete annaksyon brigad sekouris yo ak sèvis laswenyaj	Soukomite Sekouris la
m) evakye popilasyon an ak betay la	PNH Soukomite Sekouris la

Materyèl ak resous nesesè yo

a) Transpò: kanntè, pikòp, kamyon
b) Zouti: pèl, pikwa, bouwèt, elt, ak ekipman lou: bouldozè, elt.
c) Sant dakèy, kouvèti, nat oswa malta, lamanjay ak dlo potab pou twa jou, medikaman
d) Kote pou antrepozay byen moun yo, ekipman ak materyèl, epi pou mete betay lan ansekirite
e) Ponp, dèlko pou bay kouran, elatriye
f) Sistèm kominikasyon: radyo, megafòn, elatriye

9.2. Tranbleman latè grav

Konsekans pi grav potansyèl yo

a) Anpil moun mouri, anpil moun blese
b) Anpil moun bloke
c) Anpil dega materyèl anndan kominote a, anpatikilye nan valè kay andomaje yo
d) Dife pete nan divès katye
e) Kèk zòn vin inonde
f) Glisman teren (eboulman) nan divès zòn
g) Wout lan koupe nan divès kote (pye bwa tonbe, eboulman, elt.)
h) Gwo vag vin frape kòt lan, anpil dega rive fèt
i) Anpil panik anndan kominote a
j) Mank esperyans nan domèn sila a lakòz anpil erè vin fèt
k) Rezo dlo potab lan vin kontamine
l) Nesesite pou evakye anpil moun yon kote ki ansekirite
m) Plis maladi ak danje epidemi anndan kominote a
n) Anpil pèt ekonomik anndan kominote a

Mezi prevansyon yo ak divizyon reskonsablite yo

a)Enfòme popilasyon an sou posiblite dezas sila ta rive yon jou epi sou konsekans potansyèl yo	Soukomite enfòmasyon / sansibilizasyon / edikasyon ak rezo dalèt
b)Mete kanpe katye jeneral KPSL la anka inondasyon nan yon zòn espesifik c)Tabli wòl ak tach Soukomite yo, epi pwosesis kòdinasyon an d)Mobilize benevòl ak resous materyèl yo e)mande konkou ekstèn dijans	Komite kòdinasyon KPSL la Konsèy Minisipal KASEK la
f)Tabli bonjan rezo kominikasyon: radyo, mesaje, elt. g)Jere enfòmasyon an, anpatikilye relasyon KPSL la ak laprès ak kominote a	Soukomite enfòmasyon/sansibilizasyon
h)Fouye kanal drenaj epi konstwi baraj kote ki ta nesesè yo i)Rasanble rezèv sab ak sak pou fè baraj yo	Brigad antretyen kominote yo
j)Mete annaksyon brigad sekouris yo ak sèvis laswenyaj dijans yo	Soukomite Sekouris la
k)Tabli yon mòg tanporè pou moun ki mouri yo oswa prevwa ki bò pou antere yo. Prevwa sistèm idantifikasyon pou yo	
l)Elimine tout posiblite danje ki ta sòti nan sèvis piblik ki andomaje yo tankou: rezo Ed'H la, elatriye	Sèvis piblik ki konsène yo Konsèy Minisipal, KASEK la Komite Kòdinasyon KPSL la
m)Kontwole sikilasyon moun ak machin anndan zòn afekte a n)Pwoteje byen materyèl epi deplase resous kominote yo si nesesè o)antrepoze materyèl ak ekipman yo ansekirite	PNH Komite Kòdinasyon KPSL la Soukomite rezo dalèt la
p)Evakye popilasyon an ak betay la	PNH
q)Mete annaksyon brigad entèvansyon pou fouye zòn ki sinistre yo, pou sove moun yo ki anba dekonm yo epi ede popilasyon an sove byen li yo	Brigad antretyen yo PNH

Materyèl ak resous nesesè yo

a) Transpò: kanntè, pikòp, kamyon; prevwa teren pou elikoptè, elatriye
b) Zouti: pèl, pikwa, bouwèt, elt, ak ekipman lou: bouldozè, elt.
c) Sant dakèy, kouvèti, nat oswa matla, lamanjay ak dlo potab pou plizyè jou, medikaman
d) Kote pou antrepozaj byen moun yo; ekipman ak materyèl, epi pou mete betay lan an sekirite
e) Ponp, dèlko pou bay kouran, elatriye
f) Sistèm kominikasyon radyo, megafòn, elatriye

KPSL-Lafon a


Komite Kòdinasyon
• Reprezantan inite planifikasyon
• Reprezantan KOMELAK
• 2 KASEK / ASEK
• Reprezantan GDG
• Reprezantan Fanm Vanyan
• Reprezantan Kès popilè
• Reprezantan Legliz
Enfòmasyon/ edikasyon ak rezo dalèt
• Reprezantan UP
• Repr. KOMELAK
• Repr. UNY
• Repr. KASEK
• Repr. ASEK
Brigad sekouris ak èd ijans
• Repr. UP
• Repr. Kès
• Repr. Selil
Idantifikasyon zòn arisk
• Repr. KODEL
• Repr.
• Repr.
Prevansyon ranfòsman enfrastrikti ak rekonstriksyon
• Repr. UP
• Repr. KOMELAK
• Repr. KASEK
Evalyasyon
• Repr. Legliz katolik
• Repr. KOMELAK
• Repr. ASEK

ANÈKS

LAFOND

KOMITE PWOTEKSYON SIVIL LOKAL [redacted]
KPSL

LAFON

ESTATI

CHAPIT I

Atik 1. Nan Lafon, jou ki te 12 septanm 2000 lan, yon gwoup sitwayen zòn nan mete sou pye yon òganizasyon ki rele Komite Pwoteksyon Sivil Lokal (KPSL-Lafon).

Atik 2. Syèj sosyal li se nan sant INESKO, Lafon, men li kapab chanje selon desizyon Asanble Jeneral la.

Atik 3. Bi li se pwoteje byen ak vi moun yo ak tout anviwonman yo.

Atik 4. Komite Pwoteksyon Sivil Lokal la (KPSL-Lafon) la pou toutan gen tan.

Atik 5. Òganizasyon sa a gen yon Komite Kòdinasyon kap dirije li ki fòme konsa: yon kòdonatè, yon vis-kòdonatè, yon sekretè, yon sekretè-adjwen, yon trezorye, ak kèk konseye

Atik 6. Manm Komite Kòdinasyon an gen yon manda k ap dire 2 zan, men yo kapab eli ankò nan pòs yo si Asanble Jeneral la vote yo.

Atik 7. Komite Kòdinasyon an dwe reyini chak premye samdi nan chak mwa.

Atik 8. Depi dat sa a fin vote, tout manm Komite Kòdinasyon an dwe respekte li.

Atik 9. Anndan KPSL la genyen plizyè Soukomite ki fòme ladann li tankou: Edikasyon / Enfòmasyon / Rezo dalèt, Brigad sekou / Èd ijans, Idantifikasyon zòn arisk, Prevansyon ak ranfòsman enfrastrikti yo / Rekonstriksyon, Evalyasyon.

CHAPIT II

REYINYON ASANBLE JENERAL YO

Atik 10. Asanble Jeneral la konpoze de 3 reprezantan nan chak selil yo, reprezantan enstitisyon prive ak piblik, eli lokal yo, ak notab yo.

Atik 11. Asanble Jeneral la reyini chak 3 mwa sòf nan ka ijans.

Atik 12. Konvokasyon Asanble Jeneral Òdinè dwe fèt chak 10 a 15 jou alavans.

Atik 13. Tout absans nan Asanble Jeneral Òdinè yo dwe motive.

Atik 14. Depi gen gwo desizyon k ap pran nan Asanble Jeneral la, fòk gen 2/3 manm yo ki prezan. Sekretè Komite Kòdinasyon an ap drese pwose-vèbal reyinyon Asanble Jeneral la ak lis tout delege ki prezan yo.

Atik 15. Tout desizyon Asanble Jeneral la dwe pran sou baz majorite senp (senkant pousan plis youn (50%+1)). Desizyon sila yo final, epi Komite Kòdinasyon an fèt pou respekte yo.

Atik 16. Chak manm Asanble Jeneral la gen dwa a yon grenn vwa (yon pèsòn=yon vwa), vòt senp.

Atik 17. Asanble Jeneral la gen dwa pran nenpòt ki desizyon ki ta parèt apwopriye sou estrikti jeneral KPSL-Lafon a ak sou mòd fonksyonnman li, oswa sou chanjman nan estati oswa règleman entèn yo. Nan tout ka sila yo, fòk se 2/3 manm yo pou pipiti ki vote anfavè chanjman sila yo.

Atik 18. Tout moun ki vle fè pati de òganizasyon sa a (KPSL-Lafon) li dwe respekte kritè sa yo:

a) Fòk li pare pou li respekte sa ki di nan estati oubyen règleman entèn KPSL-Lafon a

b) Fòk li gen lespri solidarite kominotè

c) Fòk li konn li ak ekri kreyòl byen

d) Fòk li gen kapasite pou motive moun epi pou retransmèt enfòmasyon kòmsadwa

e) Fòk li kapab diskite san-bri-san-kont, san pati-pri epi nan lide pou rive sou yon seri akò ak desizyon ki nan enterè tout KPSL-Lafon a

f) Fòk li pa tranpe nan anyen ki ka nui imaj KPSL-Lafon a.

Atik 19. Delege yo gen pou obligasyon tout sa ki annapre yo:

a) Siyen kopi estati oubyen règleman entèn yo

b) Genyen yon kat manm ki sòti nan men Komite Kòdinasyon KPSL-Lafon a ki rekonèt yo antanke manm ofisyèl KPSL-Lafon a

c) Reponn konvokasyon pou Asanble Jeneral Òdinè ak Estra-òdinè

d) Patisipe epi vote kòmsadwa nan Asanble Jeneral yo

e) Respekte lòt manm yo nan evite di move koze ki atake pèsonalite yo oswa repitasyon asosyasyon yo reprezante a

f) Evite boulvèse reyinyon oswa Asanble Jeneral KPSL-Lafon a.

Atik 20. Delege yo gen dwa sa yo:

a) Dwa pou poze kandidati yo libe-libè pou nenpòt pòs dirijan anndan KPSL-Lafon a, nan respè sa ki di nan estati a oubyen règleman entèn yo

b) Dwa pou jwenn fòmasyon ak enfòmasyon sou tout sa k ap pase anndan KPSL-Lafon a

c) Dwa pote plent kont Komite Kòdinasyon ak reskonsab nenpòt ki lòt Soukomite ki anndan KPSL-Lafon a

d) Dwa pote plent kont konpòtman nenpòt moun anndan KPSL-Lafon a

e) Dwa pou yo soumèt yon lèt pwotestasyon bay Komite Kòdinasyon an ak Asanble Jeneral la, si yo pa jwenn satisfaksyon, men fòk sa fèt nan enterè KPSL-Lafon a ak kominote a anjeneral.

CHAPIT III

FASON POU BLAME, SANKSYONE OSWA RANPLASE YON MANM

Atik 21. Depi yon manm KPSL-Lafon a mande pou Komite Kòdinasyon oswa Asanble Jeneral la pran yon sanksyon kèlkonk kont yon lòt manm, fòk li jistifye demann sa a atravè yon dosye ekri ki gen bonjan prèv.

Atik 22. Enstans ki jwenn plent sila a ap etidye dosye a, li ap envite moun yo akize a devan li pou li vin defann tèt li sou akizasyon an anvan gen yon desizyon ki pran. Si gen posiblite, enstans k ap jije afè a kapab chache mwayen pou rekonsilye pati ki an konfli yo nan enterè KPSL-Lafon a men ak solidarite tout lòt manm yo.

Atik 22.1. Akizasyon sa a, si se yon akizasyon ki vre, Komite Kòdinasyon an ap genyen pou pran yon desizyon pasyèl, desizyon sa a pral finalize pa Asanble Jeneral la.

Atik 23. Depi Asanble Jeneral la deside konpòtman yon manm kapab anpeche KPSL-Lafon a fonksyone kòmsadwa, li gen dwa vote yon rezolisyon ki mande Komite Kòdinasyon an pou li voye yon lèt motivasyon bay òganizasyon ki te bay li manda pou li ranplase li nan yon tan ki pa depase trant (30) jou.

Atik 23.1. Si li pa ta gen yon òganizasyon ki te mandate li, lè sa a se Asanble Jeneral la k ap pran yon desizyon ekri pou di li pa konnen manm sa a ankò.

Atik 23.2. Anka dosye a ta pi lou, Komite Kòdinasyon an ka mande konkou lajistis.

Atik 24. Tout manm ki deside kite òganizasyon an (KPSL-Lafon) dwe ekri yon lèt pou esplike motif retrè sa a, epi remèt tout materyèl KPSL-Lafon a anvan, nan ka kontrè manm sa a ap sibi yon sanksyon.

Atik 25. Okenn manm pa gen dwa itilize byen KPSL-Lafon a nan travay enterè pèsonèl yo san se pa nan yon travay kominotè.

Atik 26. Pou tout siyati se twa reskonsab pou pipiti, pèsonn moun pa gen dwa siyen pou yon lòt si li pa prezan, menm si youn ta anpeche 2 kapab siyen. Moun sa yo se: Kòdinatè a, sekretè a ak trezorye a.

CHAPIT IV

ELEKSYON AK REYINYON KOMITE KÒDINASYON AN

Atik 27. Tout manm Asanble Jeneral la gen dwa vote pou manm Komite Kòdinasyon an, nan respè sa ki di nan estati KPSL la.

Atik 28. Okenn vòt pou manm Komite Kòdinasyon an pa posib si twaka (3/4) manm Asanble Jeneral la pa prezan pou pipiti.

Atik 29. Se nan Asanble Jeneral Òdinè pou eleksyon manm Komite Kòdinasyon yo fèt, yo ka fèt nan Asanble Jeneral Estra-òdinè sèlman si seyans Òdinè ki te prevwa a te avòte.

Atik 30. Se manm eli KPSL-Lafon a k ap dirije aktivite enstitisyon sa a nan tan òdinè.

Atik 31. Se anba direksyon ofisyèl Kèdonatè KPSL-Lafon a pou Komite Kòdinasyon an fèt pou devlope tout plan daksyon anka dezas, idantifye epi aplike tout mezi prevansyon ki ta nesesè yo epi mete annaplikasyon tout mezi ijans yo te prevwa sizoka yon dezas ta frape kominote a.

Atik 32. Komite Kòdinasyon an gen ladann orijinal tout lèt, tout pwosè-vèbal ak tout lòt pyès KPSL-Lafon a. Achiv sa yo fèt pou nan men sekretè a. Men pyès pou jistifye tout tranzaksyon antre ak soti KPSL-Lafon a ak envantè, achiv sa yo fèt pou nan men trezorye a.

Atik 33. Tout pwose-vèbal dwe ekri nan yon kaye espesyal KPSL-Lafon a, nan chak reyinyon, sekretè a dwe li pwose-vèbal dènye reyinyon ki te fèt anvan an pou manm ki prezan yo.

Atik 34. Si yon manm ki te eli nan Komite Kòdinasyon an ta anpeche pou li patisipe nan aktivite Komite a pandan twa (3) mwa, yon majorite manm Komite sila a kapab pran desizyon pou ranplase moun sa a pou yon ti bout tan jis yo fè eleksyon pou plas sa a.

Atik 35. Komite Kòdinasyon an fèt pou ekri epi respekte pwòp règleman fonksyonman pa yo a, dekwa pou garanti antant ak efikasite travay yo a.

Atik 36. Komite Kòdinasyon an gen dwa soumèt Asanble Jeneral la nenpòt ki rekòmandasyon ki ta parèt apwopriye sou estrikti jeneral KPSL-Lafon a ak sou mòd fonksyonman li, oswa sou chanjman nan estati a ak sou règleman entèn li yo.

CHAPIT V

SANKSYON YO

Atik 37. Tout moun ki ta absan san rezon valab nan reyinyon òdinè oswa estra-òdinè nan Komite Kòdinasyon an, manm sa a gen dwa resevwa yon lèt blam nan men lòt manm yo oubyen yon siyal vèbal, eksepte gwo ka ijans ki ka jistifye.

Atik 38. Tout moun ki absan san rezon valab nan Asanble Jeneral Òdinè oswa Estra-òdinè yo gen dwa resevwa yon lèt blam nan men Komite Kòdinasyon an depi Asanble Jeneral la vote pou sa fèt.

Atik 39. Apre twa (3) absans yon manm san rezon valab youn dèyè lòt nan reyinyon Komite Kòdinasyon an, rès manm yo gen dwa deside mete kanpe manm koupab la yon ti bout tan. Men se Asanble Jeneral la ki ka mete manm lan kanpe nèt.

Atik 40. Tout manm ki ta fè twa (3) absans san rezon valab youn dèyè lòt nan reyinyon Asanble Jeneral, Komite Kòdinasyon an ap konsidere manm sa a tankou yon manm ki demisyone.

Atik 41. Tout manm KPSL-Lafon a ki ta sispèk nan detounen lajan oswa byen ki sou reskonsablite KPSL la, depi se verite, manm sa a ap gen pou li pase devan lajistis apre desizyon Asanble Jeneral la.

Atik 42. Depi yon manm ta sibi yon abi pouvwa nan men yon manm Komite Kòdinasyon an, Asanble Jeneral la gen dwa deside mete manm sa a kanpe pou twa (3) mwa nan yon premye tan.

Atik 43. Depi yo ta akize Komite Kòdinasyon an pou move jesyon epi majorite manm Asanble Jeneral la jistifye akizasyon sila a, y ap mete yon Komite pwovizwa nan plas li pou jistan yo fè eleksyon nan pwochen Asanble Jeneral Òdinè a.

Atik 44. Si ta vin gen yon pwoblèm anndan KPSL-Lafon a, kote apre plizyè tantativ pa gen solisyon ki jwenn, KPSL-Lafon a ta vin kraze, tout lajan ak byen KPSL-Lafon a dwe pase nan men yon lòt òganizasyon ki nan kominote a avèk prezans jij-de-pè, eli lokal, notab ki nan kominote a, pou bagay sa yo kapab kontinye sèvi kominote a.

Règleman sa yo te vote epi siyen nan dat _____ 2001, nan yon Asanble Jeneral ki te reyini manm sa yo:

	NON ak SIYATI ak NON ÒGANIZASYON	PARAF
1.	_____ Repr. _____	_____
2.	_____ Repr. _____	_____
3.	_____ Repr. _____	_____
4.	_____ Repr. _____	_____
5.	_____ Repr. _____	_____
6.	_____ Repr. _____	_____
7.	_____ Repr. _____	_____
8.	_____ Repr. _____	_____
9.	_____ Repr. _____	_____
10.	_____ Repr. _____	_____
11.	_____ Repr. _____	_____
12.	_____ Repr. _____	_____
13.	_____ Repr. _____	_____

LIS MANM SOUKOMITE YO

	Reskonsab
Soukomite enfòmasyon/edikasyon ak rezo dalèt	1- Jean Garold Jeannis 2- Shewrwood Paul 3- Michel Payen 4- Maxo Maloi 5- Anneynire Remy
Soukomite brigad sekou / èd ijans	1- Louivier Miracle 2- Francin Milor 3- Dieunné Faustin 4- Orphitha Jeannis
Soukomite idantifikasyon zòn arisk	1- Anonce Malvoisin 2- Yvrose Tombeau 3- Solange Antoine 4- Sanon Paul 5- Elias Fortuné 6- Jhonson Lafortune 7- Remy Raymond 8- Rose Marie Nelson 9- Ulrick Jeudy 10- Prospère Deslouch 11- Andregène Louis 12- Gerand Lundi 13- Famitil Louis 14- Alequet
Soukomite rekonstriksyon ak ranfòsman enfrastrikti	1- Narcissse Faustin 2- Aude Jeudy 3- Lorient Raymond 4- Malvoisin Belony 5- Liberne Gabriel

LIS MANM SOUKOMITE YO

	Reskonsab
Soukomite evalyasyon dega	1- Alex Jeannis 2- Emmanuel Joseph 3- Yonel Makary 4- Labre Jeannis 5- Mme Vigil Sylvaince

Liste des membres de KPSL de Lafond

Alex Jeannis	Président
Emmanuel Joseph	vice-Président
Merilese Tombeau	Secrétaire
Lamarque Fénelon	Secrétaire Adjoint
Garol Jeannis	Trésorier
Annonce Malvoisin	Membre
Antoine Delince	Membre
Yvrose Tombeau	Membre
Narcisse Faustin	Membre
Aude Jeudi	Membre
Ernst Lafortune	Membre
Ramoncite Antoine	Membre
Mme Vigile Sylvaince	Membre
Gérard Lundi	Membre

Pwosè-Vèbal moun ki fòme Komite Antretyen « Eau Potable »
(KAEP)

LAFON

Dat : 20 avril 2001
Lè : Midi
Lokalite : Lafon

Prezidan : Joseph Emmanuel

Vis-Prezidan : Malvoisin Annonce

Trezorye : Faustin Narcisse

Sekretè : Lafortune Ernst

Konseye : Tondreau Marcel

: Bernard Jn Claude

: Jeudy Aude

: Tombeau Yvrose

: Antoine Delince

: Antine Ramonete

Plonbye : Antoine Delince